

Sondaj Paran/Fanmi/Gadyen legal sou Evalyasyon altènatif Leta Nouyòk *New York State Alternate Assessment (NYSAA)* pou ane eskolè 2006/07

Chè Paran, Fanmi, Gadyen legal :

Pitit ou a pral patisipe nan evalyasyon altènatif ane sa a. Pwofesè *leader* k ap ede pitit ou a nan klas Edikasyon espesyal *Lead special education teacher* (LSET) dwe fè w konnen kèk nan aktivite evalyasyon li pral fè pou evalye pitit ou a. Pandan aktivite sa yo, yo pral evalye l nan Lang e Literati angle *English Language Arts* (ELA), Matematik, Syans, ak Syans sosyal. Pwofesè pitit ou a bezwen konnen jan ou wè pitit ou a ap demele l nan matyè debaz sa yo lakay ou. Se yon okazyon pou fè m konnen enkyetid ou yo osijè bezwen edikatif pitit ou a, e jan oumenm ak pwofesè pitit ou a ka kolabore pou satisfè bezwen sa yo.

Depatman Edikasyon Leta Nouyòk *New York State Education Department* (NYSED) mete anplas yon seri endikatè altènatif nivo klas *Alternate Grade Level Indicators* (AGLIs) pou pèmèt elèv yo gen aksè a pwogram etid la. Yon AGLI se yon deskripsyon sa y ap atann kòm pèfòmans yon elèv ki gen andikap koyitif grav. Yo itilize AGLIs pou evalye nan ki pwen konesans, ladrès e antanman elèv adapte avèk pwogram etid nivo klas la Konsèy *Regents* Leta Nouyòk la tabli pou tout elèv.

Pwofesè pitit ou a deziyen yon AGLI ke pitit gason w lan oswa pitit fi w la ap itilize nan kad yon matyè debaz espesifik. Tanpri tcheke tout kazye ki aplike a nivo pèfòmans pitit ou a, e dekri sa pitit ou a konnen e sa li ka fè konsènan ladrès nou site a (yo).

Ou ka pran apeprè 10 minit pou ranpli fèy sondaj sa a.

- ✓ Li pi bon pou w ranpli fèy sondaj la avèk LSET pitit ou a pandan yon reyinyon nan lekòl la, lakay ou, oswa yon lòt kote.
- ✓ Si w pa ka ranpli l pandan reyinyon an, ou ka fè yon konferans pa telefòn avèk LSET pitit ou a.
- ✓ Twazyèm jan ou ka ranpli l, men se metòd moun mwens renmen, sèke LSET a ka mande w ranpli fòmilè sondaj la pou voye l tounen ba li.

M ap remèsye w pou èd ou e pou tan ou ban nou.

Non elèv : _____

Sondaj Paran/Fanmi/Gadyen legal sou Evalyasyon altènatif Leta Nouyòk *New York State Alternate Assessment (NYSAA)* pou ane eskolè 2006/07

(LSET a dwe ranpli dokiman sa a kòm yon pati nan *interview* l avèk paran, fanmi, gadyen legal la, oswa li dwe voye l ka paran fanmi, oswa gadyen legal la pou li ranpli l)

Matyè debaz	Lang e Literati angle <i>English Language Arts (ELA)</i> (LSET ekri yon AGLI pi ba a)	Matematik (Matematik) (LSET ekri yon AGLI pi ba a)
AGLI pou elèv, jan pwofesè a dekri l. Yon AGLI se yon deskripsyon sa y ap atann onivo pèfòmans yon elèv ki gen andikap koyitif grav. Yo itilize AGLI pou evalye nan ki pwen konesans, ladrès, e antannman elèv adapte avèk pwogram etid Konsèy <i>Regents</i> NYS tabli pou tout elèv.		
Lè l aplikab, èske pitit ou a montre li gen konesans, ladrès, oswa antannman sa a :		
1. lakay ou ?	<input type="checkbox"/> Wi (Yes) <input type="checkbox"/> Non (No) <input type="checkbox"/> Kèk fwa (Sometimes)	<input type="checkbox"/> Wi (Yes) <input type="checkbox"/> Non (No) <input type="checkbox"/> Kèk fwa (Sometimes)
2. nan kominote a?	<input type="checkbox"/> Wi (Yes) <input type="checkbox"/> Non (No) <input type="checkbox"/> Kèk fwa (Sometimes)	<input type="checkbox"/> Wi (Yes) <input type="checkbox"/> Non (No) <input type="checkbox"/> Kèk fwa (Sometimes)
Èske pitit ou a ka fè sa san lèd yon moun?	<input type="checkbox"/> Wi (Yes) <input type="checkbox"/> Non (No) <input type="checkbox"/> Kèk fwa (Sometimes)	<input type="checkbox"/> Wi (Yes) <input type="checkbox"/> Non (No) <input type="checkbox"/> Kèk fwa (Sometimes)
Ki valè èd pitit ou a bezwen pou fè sa a?	<input type="checkbox"/> Okenn (None) <input type="checkbox"/> Pawòl pou oryante l (Verbal Direction) <input type="checkbox"/> Moun pou ede l (Physical Assistance)	<input type="checkbox"/> Okenn (None) <input type="checkbox"/> Pawòl pou oryante l (Verbal Direction) <input type="checkbox"/> Moun pou ede l (Physical Assistance)
Tanpri dekri si w note pitit ou a fè pwogrè e nan ki sans, lakay li oswa nan kominote a, oswa toulede kote yo, pou satisfè AGLI pwofesè a ekri pi wo a. (Kontinye ekri nan do paj sa a si w bezwen plis plas pou ekri.)		

Non elèv : _____

Matyè debaz	Syans (Science) (LSET ekri yon AGLI pi ba a)	Syans sosyal (Social Studies) (LSET ekri yon AGLI pi ba a)
<p>AGLI pou elèv, jan pwofesè a dekri l. Yon AGLI se yon deskripsyon sa y ap atann onivo pèfòmans yon elèv ki gen andikap koyitif grav. Yo itilize AGLI pou evalye nan ki pwen konesans, ladrès, e antannman yon elèv adapte avèk pwogram etid Konsèy <i>Regents</i> NYS tabli pou tout elèv.</p>		
<p>Lè l aplikab, èske pitit ou a montre li gen konesans, ladrès, oswa antannman sa a :</p>		
<p>1. lakay ou?</p>	<p><input type="checkbox"/> Wi (Yes) <input type="checkbox"/> Non (No) <input type="checkbox"/> Kèk fwa (Sometimes)</p>	<p><input type="checkbox"/> Yes (Yes) <input type="checkbox"/> Non (No) <input type="checkbox"/> Kèk fwa (Sometimes)</p>
<p>2. nan kominote a?</p>	<p><input type="checkbox"/> Wi (Yes) <input type="checkbox"/> Non (No) <input type="checkbox"/> Kèk fwa (Sometimes)</p>	<p><input type="checkbox"/> Yes (Yes) <input type="checkbox"/> Non (No) <input type="checkbox"/> Kèk fwa (Sometimes)</p>
<p>Èske pitit ou a ka fè sa san lèd yon moun?</p>	<p><input type="checkbox"/> Wi (Yes) <input type="checkbox"/> Non (No) <input type="checkbox"/> Kèk fwa (Sometimes)</p>	<p><input type="checkbox"/> Yes (Yes) <input type="checkbox"/> Non (No) <input type="checkbox"/> Kèk fwa (Sometimes)</p>
<p>Ki valè èd pitit ou a bezwen pou fè sa a?</p>	<p><input type="checkbox"/> Okenn (None) <input type="checkbox"/> pawòl pou oryante l (Verbal Direction) <input type="checkbox"/> Moun pou ede l (Physical Assistance)</p>	<p><input type="checkbox"/> Okenn (None) <input type="checkbox"/> Pawòl pou oryante l (Verbal Direction) <input type="checkbox"/> Moun pou ede l (Physical Assistance)</p>
<p>Tanpri dekri si w note pitit ou a fè pwogrè e nan ki sans, lakay li oswa nan kominote a pou satisfè AGLI pwofesè a ekri pi wo a. (Kontinye ekri nan do paj sa a si w bezwen plis plas pou ekri.)</p>		

Se Pwofesè *leader* nan klas Edikasyon espesyal la ki pou ekri nan Seksyon sa a.

Student Name: _____

To be Completed by the Lead Special Education Teacher:

Person providing survey information about the student:

Signature Relationship to student Date

Person recording answers to survey questions:

Signature Relationship to student Date

Please check one:

- Parent/family/guardian meeting at school
- Parent/family/guardian meeting at home
- Telephone conference
- Parent/family/guardian completed the survey at home
- Other _____

Parent/family/guardian was unavailable or unwilling to complete the survey. LSET documents date and method of attempts to engage parent/family/guardian below

Date	Method (phone call, written communication, home visit, etc.)